



## Misyon nou

Depi 1954, Diabète Québec akonpaye moun ki ap viv ak dyabèt ak pwòch yo pou amelyorasyon byennèt yo. Anplis, Diabète Québec ankouraje rechèch epi defann dwa moun ki ap viv ak maladi a.

## Sèvis



### InfoDiabète

Gras a **InfoDiabète**, ou ka jwenn enfòmasyon gratis nan men yon pwofesyonèl sante:

- telefòn: 514 259-3422 | 1 800 361-3504
- imèl: [infodiabete@diabete.qc.ca](mailto:infodiabete@diabete.qc.ca)
- tchat: [diabete.qc.ca](http://diabete.qc.ca)



### Pwogram akonpayman pou moun k'ap viv ak dyabèt

Wap viv ak dyabèt tip 2 epi ou pa gen doktè fanmi? Wap viv ak dyabèt tip 1 oswa LADA (dyabèt otoiminitè latan nan grammoun) epi ou pa gen andokrinològ?

Ou ka benefisyé Pwogram akonpayman pou moun k'ap viv ak dyabèt la gratis. Pwogram sa a, ki soti nan yon konbit ak **ministère de la Santé et des Services sociaux**, pèmèt ou jwenn swen adistans ak edikasyon. Vizite sit entènèt nou nan [diabete.qc.ca](http://diabete.qc.ca) pou plis detay.



### Materyèl edikatif

Yon gwo varyete **materyèl edikatif** disponib sou sit entènèt nou nan diabete.qc.ca ki gen ladan gid, bwochi ak depliyan enfòmasyon ou ka konsilte, telechaje oswa kòmande. Anplis, antanke manm Diabète Québec, ou gen aksè ak tout **magazin PLEIN SOLEIL nou yo ki soti chak twa mwa**. Li fet espesyalman pou dyabèt ak lòt sijè ki relye.



### Fòmasyon

Kit ou se yon moun k'ap viv ak dyabèt oswa yon pwofesyonèl sante, pwofite de **fòmasyon ak kou akredite** Universi-D ofri, se lekòl dyabèt ki nan Diabète Québec.

Tanpri sonje fòmasyon yo gratis pou moun k'ap viv ak dyabèt.



## Ekip nou

Diabète Québec, se yon ekip devwe pou misyon nou e nou toujou pare pou sèvi manm nou yo, moun k'ap viv ak dyabèt, piblik la ak pwofesyonèl sante yo.

Anplis, Diabète Québec jwenn gwo sipò nan men yon Comité consultatif de personnes diabétiques (CCPDDQ) ak yon Conseil professionnel (CPDQ).



## Enfòmasyon sou dyabèt

Dyabèt se yon maladi kwonik ki pa ka geri men, chans pou nou, nou ka jere'l ak alimantasyon, aktivite fizik, medikaman ak sante mantal.

Jesyon dyabèt, se konn kijan pou'w itilize kat pilye sa yo pou kenbe glisemi'w (se sa vle di nivo sik nan san'w) nan barèm sante yo, pou diminye risk devlope konplikasyon.

## Vin manm

Pou vin manm Diabète Québec epi benefisyé plizyè avantaj ki enteresan, vizite sit entènèt nou an nan **diabete.qc.ca** epi klike sou ikòn sa a.



## Fè yon don

Ou vle ede Diabète Québec reyalize misyon li? Ou ka fè yon don, epi'w ap resevwa yon resi fiskal. Fè tranzaksyon an sou sit entènèt nou an nan **diabete.qc.ca**. Klike sou ikòn sa a.

